

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Lokasi Panalungtikan**

Dina sub-bab ieu dipedar ngeunaan gambaran umum lokasi panalungtikan. Nu jadi tempat panalungtikan nya éta daerah Kacamatan Jonggol Kabupatén Bogor.

##### **3.1.1. Lokasi Géografis**

Tempat nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Kacamatan Jonggol, nu perenahna di wétaneun pusat pamaréntahan Kabupatén Bogor, dina 106°55'-107°15' BT jeung 6°15'-6°35' LS. Kaayaan alamna mangrupa pasir jeung tegal. Tempatna di 123 meter *dpl*, suhu antara 33-39° celcius, jeung curah hujanna 177 mm.

Lega wilayah Kacamatan Jonggol nya éta 12.686,74 Ha., di beulah Kalér ngawates jeung Kacamatan Cibarusah, Kabupaten Bekasi; di beulah Kidul ngawates jeung Kacamatan Sukamakmur, Kabupatén Bogor; di beulah Kulon ngawates jeung Kacamatan Cileungsí, Kabupatén Bogor; jeung di beulah Wétan ngawates jeung Kacamatan Cariu sarta Kabupatén Bekasi.

Ti Kacamatan Jonggol ka ibukota Kabupatén Bogor (Cibinong) nya éta 50 km, sedengkeun ka ibukota Provinsi Jawa Barat 156 km, jeung 60 km ka ibukota nagara (Jakarta).

Kacamatan Jonggol diwengku ku 14 désa, 56 dusun, 121 RW, jeung 374 RT. Wincikan désa-désa nu jadi *wilayah kerja* Kacamatan Jonggol katitén dina ieu tabél.

TabéI 3.1  
Administrasi Wilayah Kacamatan Jonggol

No	Désa	Kepala Désa	Lega Wilayah	Jumlah Dusun	Jumlah RW	Jumlah RT
1	2	3	4	5	6	7
1	Jonggol	H. Elam	640.000	7	12	35
2	Sukamaju	Holil	664.210	4	10	46
3	Singajaya	Sumadi Said	1.183.413	3	11	54
4	Sukasirna	Acep Saepudin, S.Ag	712.420	4	10	27
5	Sirnagalih	Noor Kasih D.	437.877	3	6	12
6	Balékambang	Saenim	981.200	5	8	24
7	Sukanegara	Luthfi	1.286.000	4	8	18
8	Sukamanah	H. Yadi Haryadi	443.510	5	13	44
9	Weninggalih	Kusmiaji	444.510	3	6	14
10	Bendungan	Wira	654.940	4	7	18
11	Singasari	Nacim Sumarna	1.625.310	6	12	40
12	Cibodas	Suhanda Anda. P	1.458.350	2	5	11
13	Sukajaya	Mukti Ali	1.678.000	2	5	15
14	Sukagalih	Samsudin	477.000	4	8	16
	<b>Jumlah</b>		12.686.740	56	121	374

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

### 3.1.2. Kondisi Sosial Budaya Masarakat Kacamatan Jonggol

#### 3.1.2.1. Penduduk

Dumasar data laporan bulanan Kecamatan Jonggol bulan Desember taun 2012, jumlah penduduk di Kacamatan Jonggol nya éta 123.603 urang, diwengku ku 61.725 urang lalaki jeung 61.878 urang awéwé. Tina jumlah sakitu téh kabagi kana 41.610 kuren. Di Kacamatan Jonggol gé loba warga *keturunan Cina* nu geus sumebar jeung

teu saeutik nu geus nikah jeung warga pribumi. Wincikan jumlah penduduk dumasar klasifikasi kewarganegaraan katitén dina ieu tabél.

Tabél 3.2

Jumlah Penduduk dumasar Kewarganegaraan

<b>No</b>	<b>Desa</b>	<b>WNI</b>		<b>WNI Keturunan</b>	
		<b>L</b>	<b>P</b>	<b>L</b>	<b>P</b>
<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>
1	Jonggol	6.618	6.710	551	582
2	Sukamaju	10.293	10.232	384	384
3	Singajaya	6.347	5.993	11	7
4	Sukasirna	5.756	7.157	824	357
5	Sirnagalih	2.021	1.943		
6	Balekambang	3.660	3.613		
7	Sukanegara	2.732	2.797		
8	Sukamanah	6.119	5.875		
9	Weninggalih	2.276	2.252		
10	Bendungan	2.748	2.765		
11	Singasari	4.525	4.372		
12	Cibodas	1.898	1.754		
13	Sukajaya	3.107	3.207		
14	Sukagalih	1.882	1.892		
<b>Jumlah</b>		<b>59.982</b>	<b>60.562</b>	<b>1.750</b>	<b>1.330</b>

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

### 3.1.2.2. Pendidikan

Dina widang pendidikan, saluyu jeung kamekaran jaman, masarakat di Kacamatan Jonggol kawilang maju jeung ngalaksanakeun aturan-aturan pamaréntah. Hal ieu katitén tina lobana masarakat nu tamat sakola, malah nu lulusan Perguruan

Puji Dwi Lestari, 2013

Simbol Jeung Ma'na Dina Runtuyan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda Di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tinggi kawilang loba, sok sanajan teu saeutik ogé nu teu lulus SD. Masarakat geus mulai paham kana pentingna pendidikan keur kahirupan, jadi geus loba barudak nu disakolakeun. Di Kacamatan Jonggol gé aya atikan nonformal, nya éta ayana pondok pasantréni di sababaraha wilayah. Nurutkeun data laporan bulanan Kacamatan Jonggol bulan Desember 2012, wincikan tingkat pendidikan masarakat Jonggol katitén dina ieu tabél.

Tabél 3.3

## Masarakat Jonggol dumasar Tingkat Pendidikan

No	Pendidikan	Jumlah
1	2	3
1	Buta Hurup	4.949
2	Can Sakola	310
3	Teu Tamat SD	10.246
4	Tamat SD	6.287
5	Tamat SMP	6.938
6	Tamat SMA	869
7	Tamat DI/II	2.205
8	Tamat D3	1.221
9	Tamat S1	27
10	Tamat S2	13
11	Tamat S3	11

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

Salian ti éta, tingkat pendidikan masarakat di Kacamatan Jonggol nu kawilang maju gé katitén tina lobana sarana pendidikan boh negeri boh swasta, nu ngarojong kana pendidikan. Katitén tina ieu tabél.

Tabé1 3.4  
Sarana Pendidikan di Kacamatan Jonggol

No	Sarana Pendidikan	Jumlah
1	2	3
1	TK	56
2	SD Negeri	52
3	SD Swasta	4
4	MI Swasta	9
5	SMP Negeri	2
6	SMP Swasta	8
7	SMP Satu Atap	1
8	MTS Swasta	7
9	SMU Negeri	1
10	SMU Swasta	6
11	SMK Swasta	3
12	MAN	1
13	PAUD	14
14	PKBM	6
15	Pondok Pesantren	53
16	Madrasah Diniyah	20

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

### 3.1.2.3. Pakasaban

Masyarakat di Kacamatan lolobana masarakat agraris. Di daerah nu rada luhur, nu kaayaan alamna mangrupa tegal, teu saeutik masarakat di Kacamatan Jonggol hirupna ngandelkeun tina hasil tatanén, contona sayuran. Loba ogé nu mangrupa sawah nu legana 2.849 Ha. + 1.210 Ha., aya ogé nu mangrupa huma nu legana 325 Ha.. Salian ti sawah jeung huma, masarakat di Kacamatan Jonggol gé loba nu

ngagantungkeun hirupna tina hasil kebon. Biasana masarakat melak tangkal bungbuahan saperti rambutan, kadu, kacapi (sentul), jrrd. Tapi kaayeunakeun mah keur usum melak tatangkalan nu diala kaina, misalna tangkal jéngjéng (albasiah, jeungjing).

Di Kacamatan Jonggol, teu saeutik masarakatna nu gawé di pamaréntahan, boh nu jadi PNS boh TNI/POLRI. Warga *pendatang* ti daerah Priangan lolobana pakasabanna salaku guru. Baheula mah bisa kaitung ku ramo warga pribumi nu pakasabanna jadi guru téh, tapi kaayeunakeun mah warga pribumi gé geus loba nu pakasabanna jadi guru. Di Kacamatan Jonggol gé teu saeutik masarakatna nu pakasabanna jadi pedagang. Ieu gé aya pangaruhna ti warga *pendatang*. Mimitina milu mabantuan bari diajar dagang, tapi lila kalilaan mah warga pribumi geus bisa muka usaha sorangan. Tapi masarakat di Kacamatan Jonggol gé loba nu ngumbara ka tempat séjén keur néangan pagawéan.

Tabél 3.5  
Pakasaban Masarakat di Kacamatan Jonggol

No	Pakasaban	Jumlah
1	2	3
1	Petani	25.080
2	Pedagang	4.124
3	Karyawan	2.041
4	Pengemudi	1.870
5	Buruh Pertambangan	970
6	TNI/POLRI	958
7	PNS	873
8	Pengusaha	548
9	Pensiunan (PNS/TNI/POLRI)	180
10	Pengrajin	96

1	2	3
11	Anggota Dewan Perwakilan	1

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

### 3.1.2.4. Agama jeung Kapercayaan

Masarakat di Kacamatan Jonggol umumna ngagem agama Islam, tapi teu saeutik ogé nu ngagem agama salian ti Islam jeung kapercayaan séjén. Hal ieu katitén dina ieu tabél.

Tabél 3.6  
Agama Masarakat Di Kacamatan Jonggol

No	Agama	Jumlah
1	2	3
1	Islam	120.577
2	Katolik	1.253
3	Protestan	1.138
4	Hindu	57
5	Budha	544
6	Konghucu	55
<b>Jumlah</b>		<b>123.624</b>

Sumber: data Laporan Bulanan Kecamatan Jonggol Bulan Desember 2012

Pikeun ngarojong kagiatan ibadah, di Kacamatan Jonggol disadiakeun tempat ibadah, nya éta 1 masjid agung, 150 masjid jami, 234 mushola, 2 gereja, jeung 2 kelenténg. Saperti geus disebutkeun saméméhna, di Kacamatan Jonggol ogé aya nu ngagem agama salian ti Islam jeung kapercayaan séjénna. Lolobana masarakat *pendatang* nu ngagem agama salian ti Islam, di Kacamatan Jonggol gé loba *warga keturunan Cina*, jadi teu anéh mun teu saeutik masarakat nu ngagem agama Budha jeung kapercayaan Konghucu.

### 3.1.2.5. Sistem Kekerabatan

Sistem kekerabatan masarakat di Kacamatan Jonggol sarua jeung sistem kekerabatan masarakat Sunda umumna. Sabagéan masarakat nu kaitung ngora kénéh, ngan apal sistem pancakaki vertikal (anu mertélakeun turunan ti luhur nepi ka handap sacara langsung) saperti anak, incu, jeung buyut. Jarang aya nu apal nepi ka janggawaréng atawa udeg-udeg. Tapi mun sistem pancakaki sacara horizontal (nu mertélakeun dulur atawa baraya ti gigir) saperti uwa, bibi, mamang, kapiadi, atawa kapilanceuk mah biasana arapaleun kénéh.

Hubungan antara masarakat di Kacamatan Jonggol kawilang harmonis. Lokasi géografisna nu *suburb*, nya éta padesaan tapi geus deukeut ka kota, ngabalukarkeun pacampurna kahirupan padésaan jeung perkotaan. Masarakat di Kacamatan Jonggol masih aya nu silih bantuan, komo masarakat di daerah pelosok mah. Lamun aya nu kamusibahan, kapapaténan, atawa aya nu hajat masih kénéh sok silih bantuan. Tapi dina kahirupan gotong royong kawas ronda, ngaberésihan solokan, atawa menerkeun jalan, sok aya kénéh nu “aing-aingan”. Sakapeung mah sok aya nu meningkeun kapentinganna sorangan.

Dina tradisi hajatan boh acara nikahan atawa nyunatan, masarakat di Kacamatan Jonggol masih kénéh sok silih bantuan. Biasana ibu-ibu mawa béas, sayuran, atawa bahan-bahan séjénna. Mawana téh biasana dina baskom gedé nu dibungkus ku taplak méja. Salaku gaganti bahan kaolahan nu geus dibikeun, biasana nu hajat sok méré kuéh atawa kaolahan nu diasupkeun kana baskom tadi. Tapi biasana “barang béré” kieu téh sok dijadikeun hutang. Lamun Ibu A méré béas sagantang dina waktu Ibu B hajat. Sabalikna dina waktu Ibu B hajat, Ibu A gé kudu méré minimal béas sagantang ka Ibu B, sabab boga hutang nalika hajat.


### 3.1.2.6. Basa

Basa nu digunakeun pikeun komunikasi sapopoé ku masarakat di Kacamatan Jonggol nya éta basa Sunda. Basa Sunda nu digunakeun téh biasana basa kasar, teugeug, jeung teu maké undak-usuk basa. Kusabab teu apal undak-usuk basa, jadi Puji Dwi Lestari, 2013

sieun salah jeung éra mun nyarita ku basa Sunda téh. Tungtungna masarakat pribumi leuwih milih nyarita ku basa Indonesia, sabab cenah éra da basa nu digunakeunna kasar jeung teu apal undak-usukna, sieun salah. Kusabab loba *pendatang* ti daerah séjén salian ti Jawa Barat anu teu ngarti basa Sunda, ngabalukarkeun dina komunikasi sapopoé teu maké basa Sunda. Biasana sok maké basa Indonesia, sabab basa Indonesia mah basa nu dipikaharti ku sakabéh sélér bangsa nu cicing di Kacamatan Jonggol. Tapi kaayeunakeun boh barudak leutik boh nu kolot mun nyarita téh ku basa Indonesia. Éra mun maké basa Sunda téh, teu gaul, kampungan, jeung loba alesan séjén. Tapi nu digunakeun téh lain basa Indonesia nu bener, malah basana téh ngalaman campur kode jeung basa Sunda.

### 3.2. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta rarancang léngkah-léngkah atawa prosés dina ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan aya dalapan léngkah nu dijadikeun rarancang, nya éta: 1) nangtukeun masalah; 2) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah; 3) nangtukeun sumber data; 4) nangtukeun instrumen; 5) ngumpulkeun data; 6) nganalisis jeung ngolah data; 7) nyieun kacindekan; jeung 8) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré ieu desain panalungtikanna baris diébréhkeun.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.3. Métode Panalungtikan

Kecap métode asalna tina basa Yunani, nya éta *methodos* nu hartina cara atawa jalan. Métode mangrupa cara nu sistematis pikeun ngahontal tujuan nu dipikahayang. Hubunganna jeung kagiatan ilmiah, métode patali jeung masalah cara gawé pikeun maham objék nu jadi target éta élmu. Ku kituna, métode bisa dihartikeun salaku cara pamarekan, observasi, ngajéntrékeun hiji hal ku cara ngagunakeun téori. Dina harti nu heureut, métode téh ngan saukur patali jeung rarancang panalungtikan nu ngawengku prosedur ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data. Sedengkeun dina harti jembar, métode panalungtikan mangrupa cara jeung prosedur nu sistematis jeung *terorganisir*, pikeun nalungtik hiji masalah nu tujuanna pikeun meunangkeun informasi nu dipaké minangka solusi keur éta masalah. Cara nu dimaksud nya éta ku cara ngagunakeun métode ilmiah nu ngawengku ti sababaraha léngkah (Silalahi, 2010: 12-13).

Nurutkeun Fathoni (2005:99), métode panalungtikan téh nya éta cara gawé nu dipaké dina kagiatan panalungtikan. Sedengkeun Arikunto dina Astuti (2008: 38) nétélakeun yén métode panalungtikan téh nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Sacara gurat badag, métode nu sok digunakeun dina panalungtikan téh nya éta métode historis, métodé déskriptif, jeung métode ékspérimental.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Melly G. Tan dina Silalahi (2010: 29) nétélakeun yén panalungtikan nu ngagunakeun métode déskriptif téh miboga tujuan ngagambankeun sacara jéntré ngeunaan sipat-sipat hiji individu, kaayaan, tanda-tanda, atawa hiji kelompok. Métode ieu digunakeun lamun aya pangaweruh atawa informasi ngeunaan gejala sosial anu bisa ditalungtik. Métode déskriptif nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, atawa teu meunangkeun ma’na implikasi (Suyatna dina Astuti, 2008: 38).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara pasca nikah adat Sunda di Kecamatan Jonggol Kabupaten Bogor. Anapon léngkah-léngkah ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngumpulkeun data, anu mangrupa simbol jeung ma'na dina runtuyan acara sabada nikah adat Sunda di Kacamatan Jonggol kanbupaten Bogor;
- 2) Nganalisis simbol jeung ma'na nu nyampak dina runtuyan acara sabada nikah di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor;
- 3) Ngadéskripsikeun hasil penapsiran tina wawancara jeung kacindekan hasil analisis.

### **3.4. Wangenan Operasional**

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman séjén, di handap ieu dipedar wangenan ngeunaan kecap-kecap nu dijadikeun judul panalungtikan.

#### 1) Simbol

Simbol nya éta tanda atawa lambang nu dipaké ku kelompok masarakat dumasar kana perjanjian sarta pikeun nyangkemna kudu diulik. Simbol nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta tina pakakas atawa kalengkepan upacara.

#### 2) Ma'na

Ma'na nya éta patalina antara wangun (tanda) nu mangrupa lambang sora omongan jeung hal atawa barang nu dimaksudna.

#### 3) Runtuyan acara sabada nikah

Runtuyan acara sabada nikah nya éta susunan acara nu diayakeun sanggeus acara ijab kabul dina nikahan.

#### 4) Adat

Kabiasaan, kasopanan nu geus turun-tumurun (*Kamus Basa Sunda*, 2006: 4). Adat Sunda nya éta kabiasaan nu aya di daerah Sunda.

#### 5) Kacamatan Jonggol perenahna di daerah Kabupaten Bogor.

Dumasar kana wangenan-wangenan nu geus disebutkeun, anu dimaksud “Simbol jeung Ma’na nu Nyampak dina Runtuyan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor” téh nya éta panalungtikan nu dilakukeun ku cara nganalisis simbol jeung ma’na nu nyampak dina runtuyan acara sabada nikah nu aya di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor.

### **3.5. Instrumen Panalungtikan**

#### **3.5.1. Pedoman Wawancara**

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtu panalungtik sangkan dina prakna wawancara jeung narasumber, obrolanna museur jeung teu nyimpang tina tujuan nu hayang dihontal. Anapon pedoman wawancarana nya éta:

##### **I. Biodata Informan**

1. Wasta:
2. Umur:
3. Pakasaban:
4. Atikan:
5. Alamat:

##### **II. Daptar Patalékan**

1. Naha upacara adat Sunda masih dipaké dina nikahan di désa ieu?
2. Aya acara naon wé di jerona?
3. Kumaha prak-prakkan acara nyawér, nincak endog, meuleum jeung meunggaskeun harupat, meupeuskeun kendi, buka pintu jeung huap lingkung (runtuyan acara sabada nikah)?
4. Naon waé simbol jeung ma’na nu nyampak dina acara nyawér?
5. Naon waé simbol jeung ma’na nu nyampak dina acara nincak endog?
6. Naon waé simbol jeung ma’na nu nyampak dina acara meuleum jeung meunggaskeun harupat?

7. Naon waé simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara meupeuskeun kendi?
8. Naon waé simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara buka pintu?
9. Naon waé simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara huap lingkung?

### **3.6. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan nya éta cara (prosedur) nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentsi.

#### **3.6.1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Téhnik observasi

Observasi nya éta téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ngaliwatan cara niténan (observasi) nu dibarengan nyatet kaayaan jeung paripolah objek sasaran. Jalma nu ngalakukeun observasi disebutna “pengobservasi” (*observer*), sedengkeun anu diobservasina disebut “terobservasi” (*observee*) (Fathoni, 2006: 104). Sabenerna ngaobservasi téh teu ngan saukur nempokeun atawa nu katempo (visual) wungkul, tapi gé pangalaman anu katarima ku indra kawas dédénéan, bau jeung rasa (Danandjaja, 2007: 197). Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan prak-prakkan acara sabada nikah di Kecamatan Jonggol, Kabupaten Bogor ku cara panalungtik ngalakukeun observasi langsung ka acara nikah di Kacamatan Jonggol, Kabupaten Bogor.

2. Téhnik wawancara

Fathoni (2006: 105) nétlakeun yén wawancara téh téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya-jawab lisan nu lumangsung

sacara saarah. Jadi maksudna patalékan téh datangna ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban dibéré ku nu diwawancara. Koentjaraningrat dina Bungin (2010: 100) nambahkeun yén wawancara dina hiji panalungtikan nu tujuanna pikeun ngumpulkeun keterangan ngeunaan hirup manusa dina hiji masarakat téh mangrupa hiji “pembantu utama” tina téhnik observasi. Jadi téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara nara sumber (juru rias jeung panata acara upacara adat) di Kecamatan Jonggol anu patali jeung runtulan acara sabada nikah anu fungsina pikeun nambahán référénsi.

### 3. Téhnik dokumentasi

Téhnik dokumentasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu mangrupa gambar. Anu didokumentasikeunna nya éta sakabéh kajadian atawa barang nu aya patalina jeung prak-prakkan runtulan acara sabada nikah. Dina ngalaksanakeun téhnik dokumentasi, dibutuhkeun alat-alat pikeun ngarojong ieu panalungtikan, saperti *tape recorder*, *handycam*, jeung kamera poto.

#### 3.6.2. Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih jeung dikumpulkeun, tuluy diolah sarta diteuleuman nepi ka meunang simbol jeung ma’na dina runtulan acara sabada nikah. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, katitén saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis, milah-milah data nu geus dikumpulkeun;
- 3) Nganalisis simbol jeung ma’na dina runtulan acara sabada nikah adat Sunda, di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor;
- 4) Ngadéskripsiéun hasil penapsiran tina wawancara jeung observasi;
- 5) Nyieun kacindekan hasil analisis simbol jeung ma’na dina runtulan acara sabada nikah.